

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Pamarekan nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta pamarekan kualitatif kalawan métode déskriptif. Métode déskriptif nyaéta panalungtikan anu miboga maksud pikeun mariksa jeung ngukur kana hiji kajadian anu tangtu (Fathoni, 2006). Sakumaha nu diungkara keun di luhur, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun mariksa tur maluruh Sindén Nunung Nurmallasari dina ngaréprésentasikeun wanoja Sunda kalawan ngagunakeun ulikan féminisme.


Dina ieu bab dipedar sababaraha hal nu patali jeung métode panalungtikan, nyaéta (1) desain panalungtikan, (2) data jeung sumber data panalungtikan, (3) téhnik panalungtikan, jeung (4) instrumén panalungtikan.

Métode déskriptif digunakeun pikeun ngagambarkeun sacara sistematis, faktual, jeung akurat ngeunaan fakta jeung karakteristik tina objék panalungtikan (Nasir, 2003). Métode déskriptif digunakeun dina ieu panalungtikan pikeun medar sacara jéntré kumaha Nunung Nurmallasari salaku sindén ngaréprésentasikeun wanoja Sunda ditilik tina ulikan féminisme katut niténan kontéks sosial, budaya, jeung historis anu jadi cukang lantaranana.

Ieu panalungtikan ngagunakeun panalungtikan kualitatif. Panalungtikan kualitatif nyaéta pamarekan pikeun medar tur maham kana makna ti sababaraha individu atawa kelompok anu aya patalina jeung masalah sosial atawa kamanusaan. Ieu pamarekan rélevan jeung ieu panalungtikan sabab bisa maluruh répréséntasi wanoja Sunda dina diri sindén nu mangrupa fénomena sosial jeung budaya.

3.1 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan nyaéta bagan anu ngébréhkeun ngeunaan léngkah-léngkah dina lumangsungna panalungtikan, tujuanana pikeun ngagambarkeun galur ulikan sangkan ngagampangkeun padika gawé tina panalungtikan (Arikunto, 2013). Desain dina ieu panalungtikan déskriptifna dibagankeun di handap.

**Bagan 3. 1**

Desain Panalungtikan

3.2 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

Data dina panalungtikan kualitatif bisa mangrupa kekecapan, paripolah, dokumén, gambar, jeung artéfact. Dina ieu panalungtikan, data nu dikumpulkeun ngawengku:

1) **Data Primér**, nyaéta data nu dicangking langsung ti subjék panalungtikan, nyaéta:

- Hasil wawancara jeung Nunung Nurmallasari ngeunaan pangalamanana salaku sindén.

Deti Kania, 2025

SINDÉN NUNUNG NURMALASARI: RÉPRÉSENTASI WANOJA SUNDA (Ulukan Féminisme)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- Hasil observasi dina pagelaran sindén Nunung Nurmallasari
- Dokuméntasi audio-visual pintonan Nunung Nurmallasari

2) **Data Sékundér**, nyaéta data nu dicangking tina sumber-sumber séjén nu rélevan, nyaéta:

- Hasil wawancara jeung seniman anu mikawanoh ka Nunung Nurmallasari
- Dokumén tinulis katut literatur ngeunaan sindén, Nunung Nurmallasari, wanoja Sunda, jeung féminisme.

Sumber data mangrupa subjék anu mangrupa jelema, barang, gerak atawa prosés hiji hal (Arikunto, 2010, kc. 172). Arikunto ngapasing-pasing deui sumber data jadi tilu P, nyaéta:

1. *Person (Jalma)*

Sumber data mangrupa jawaban anu dimeunangkeun sacara lisan ngaliwatan wawancara atawa jawaban tinulis ngaliwatan angkét.

Tabél 3. 1
Informan Panalungtikan

No.	Poto Informan	Data Informan
1		Wasta: Nunung Nurmallasari, S.Sen. Wanda Baga: Awéwé Tempat, Ping Gumelar: Subang, 30 Maret 1967 Pakasaban: Guru Yuswa: 58 taun Padumukan: Kp. Tegal Kalapa RT. 18 RW. 09 Kelurahan Dangdeur, Kacamatan Subang, Kabupatén Subang, Jawa Barat. Kalungguhan: Pupuhu Yayasan Nunung Nurmallasari Bangbung Hideung

2		Wasta: Shildam Gema Amanda Firdaus, S.Pd. Wanda Baga: Lalaki Tempat, Ping Gumelar: Subang, 26 Désémber 2001 Pakasaban: Dalang Yuswa: 24 taun Padumukan: Kelurahan Soklat, Kacamatan Subang, Kabupatén Subang, Jawa Barat. Kalungguhan: Seniman
3		Wasta: Chandika Firmansyah Wanda Baga: Lalaki Tempat, Ping Gumelar: Subang, 02 Oktober 2007 Pakasaban: Siswa Yuswa: 17 taun Padumukan: Kp. Cerelek RT. 13 Rw. 06 Désa Gunungsembung, Kacamatan Pagaden, Kabupatén Subang, Jawa Barat. Kalungguhan: Anggota Yayasan Nunung Nурmalasari Bangbung Hideung

2. *Place (Tempat)*

Sumber data anu mangrupa tampilan dina kaayaan statis (contona rohangan, kalengkepan alat, wujud barang, warna, jrrd.) jeung kaayaan gerak (contona aktivitas, transportasi, ritme, gerak tari, sinétron, jrrd.). Dina ieu panalungtikan dilaksanakeun di Yayasan & Sanggar “Nunung Nurmalasari Bangbung Hideung” Kelurahan Dangdeur, Kacamatan Subang, Kabupatén Subang, Jawa Barat.

Deti Kania, 2025

SINDÉN NUNUNG NURMALASARI: RÉPRÉSENTASI WANOJA SUNDA (Ulukan Féminisme)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3. *Paper (Keretas)*

Sumber data anu mangrupa tanda-tanda kayaning hurup, angka, gambar, atawa simbol. Dina ieu panalungtikan ngagunakeun dokumén (poto, gambar, laporan média masa, buku, jrrd.) anu ngarojong kana ieu panalungtikan.

3.3 Téhnik Panalungtikan

3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta wawancara, observasi, jeung dokuméntasi. Wawancara dilaksanakeun pikeun maluruh informasi anu teleb ngaliwatan narasumber. Observasi dilaksanakeun pikeun niténan sacara langsung ngeunaan palaku, kajadian atawa fénoména di lapangan. Sedengkeun dokuméntasi dilaksanakeun pikeun maluruh dokumén-dokumén boh sacara tinulis, gambar, atawa éléktronik anu bisa nohonan kana ieu panalungtikan. Éta tilu téhnik sok disebut téhnik triangulasi. Dumasar kana pamadegan Sugiyono (2016, kc. 245) yén triangulasi mangrupa téhnik ngumpulkeun data anu ngawengku wawancara, observasi, jeung dokuméntasi.

3.3.2 Téhnik Ngolah Data

Analisis data nyaéta prosés maluruh turta nyusun data kalawan sistematis, anu dibeunangkeun tina hiji prosés, kayaning wawancara, cutatan lapangan, jeung nu lianna sangkan dipikapaham turta hasilna bisa dipublikasi ka balaréa (Bogdan dina Sugiyono, 2016, kc. 88). Ieu téhnik ngolah data pikeun ngadadarkeun hasil wawancara jeung observasi sacara langsung ka Sindén Nunung Nurmallasari.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nyaéta hiji alat anu digunakeun pikeun ngukur jeung niténan fénoména alam katut sosial sacara taliti (Sugiyono, 2013). Dina ieu panalungtikan, ngagunakeun sababaraha instrumén atawa alat sangkan nyangking data jeung hasil anu nyugemakeun.

3.4.1 Instrumén Pedoman Wawancara

Pedoman wawancara nyaéta daftar patalékan anu ditepikeun ka narasumber. Ieu pedoman disusun dumasar kana puseur panalungtikan jeung raraga tiori féminisme. Ieu di handap patalékan pikeun wawancara.

Deti Kania, 2025

SINDÉN NUNUNG NURMALASARI: RÉPRÉSENTASI WANOJA SUNDA (Ulukan Féminisme)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Tabél 3. 2
Data Informan

Wasta:
Wanda Baga:
Tempat, Ping Gumelar:
Yuswa:
Atikan:
Alamat:

Patalékan pikeun Nunung Nurmalasari:

1. Naon nu jadi motivasi Ambu janten sindén?
2. Kumaha prosés kréatif Ambu janten sindén?
3. Pakasaban naon waé anu nuju dilakonan?
4. Kantos ngalaman diskriminasi salami janten sindén?
5. Kumaha peran Ambu di kulawarga?
6. Kumaha réspons kulawarga katut lingkungan sosial waktu milih profési sindén?
7. Hal naon baé nu kantos kaalaman (suka duka) janten sindén?

Patalékan pikeun masarakat anu mikawanoh ka Nunung Nurmalasari:

1. Kumaha kalungguhan Nunung Nurmalasari di dunya kapasindénan?
2. Kumaha penampilan Nunung Nurmalasari salaku sindén?
3. Naha aya bédana Sindén Nunung Nurmalasari dina segi busana jeung sindén séjén?
4. Naha Nunung Nurmalasari bisa ngaréprésentasikeun standar geulisna hiji wanoja Sunda?
5. Kumaha karakter atawa kapribadian Nunung Nurmalasari mawa diri salaku sindén?
6. Naha aya bébédan antara Nunung Nurmalasari di luhur panggung jeung dina kahirupan sapopoé?

3.4.2 Instrumén Observasi

Instrumén observasi nyaéta sarana média pikeun ngarojong lumangsungna kagiatan panalungtikan. Ieu di handap salasahiji instrumén observasi.

Tabél 3. 3
Data Observasi

No.	Indikator	Perkara anu diobservasi	Kaobservasi	Henteu
1.	Palaku	1. Sindén Nunung Nurmallasari	√	
2.	Pakakas	2. Raksukan nu digunakeun ku Sindén Nunung Nurmallasari 3. Riasan nu dipaké ku Sindén Nunung Nurmallasari	√	
3.	Prak-prakan	4. Lila lumangsung Sindén Nunung Nurmallasari di panggung 5. Tempat pintonan Sindén Nunung Nurmallasari	√	